



PROJÈ EVANJELIZASYON AK ETID BIBLIK

Règleman Entèn



DÈNYE AMANDMAN : 24 OKTÒB 2022

OFISYALIZASYON: 21 NOVANM 2021

KREYASYON: 10 SÈPTANM 2016

Biwo Koòdinasyon Jeneral

Paske, Bondye pa rele nou pou nou viv nan fè dezòd,
men li rele nou pou nou viv ak kè poze. Tankou sa fèt
nan tout legliz pèp Bondye a.

(1 Korentyen 14 : 33)

PROJÈ EVANJELIZASYON AVÈK ETID BIBLIK

TAB MATYÈ

Atik 1: Sèvis, Pri, frè, avèk pèman pou sèvis PEEB yo.....	P 4
Atik 2: Sous finansman PEEB.....	P 4
Atik 3: Misyon PEEB.....	P 6
Atik 4: Konsènan politik piblik.....	P 7
Atik 5: Konsènan alyans avèk lòt enstitisyon.....	P 7
Atik 6: Lang ofisyèl pou kominikasyon nan PEEB.....	P 7
Atik 7: Konsènan resous imèn.....	P 8
Atik 8: Biwo & Ministè, relasyon avèk rèsponsabilite yo.....	P 10
Atik 9: Konsènan konpòtman manb yo.....	P 27
Atik 10: Konsènan rapò finansye.....	P 28
Atik 11: Kat Idantite a.....	P 28
Atik 12: Tèminezon Imedyat.....	P 29
Atik 13: Rekonsilyasyon apwè tèminezon.....	P 29
Atik 14: Propozisyon pou amande Règleman Entèn lan.....	P 29
Atik 15: Lokal avèk lòt pwopriyete PEEB yo.....	P 31
Atik 16: Pwotèksyon Jiridik.....	P 31
Atik 17: Nan ka disolisyon PEEB.....	P 32

Atik 18 : Jesyon dokiman.....	P 33
Atik 19 : Otorite e Siyati Règleman Entèn sa.....	P 34
Anèks.....	P 36
Ofisyalizasyon.....	P 40
Amandman.....	P42

Yon asterik wouj (^{*}) plase nan kòmansman yon atik endike Atik ki pèmanan yo, sa vle di Atik ki pa dwe janm modifye oubyen elimine nan RE lan.

Yon aksan sikonflèks ble (^) plase nan kòmansman yon atik endike Atik ki mache avèk yon nòt nan fen dokiman sa pou èksplike li davantaj oubyen jistifye desizyon ki mennen li an.

- **Atik 1** : [Priyorite nou] – PEEB fokis sou 2 sèvis prensipal : **Evanjelizasyon & Etid Biblik**. (Matye 28 : 19-20)

 - **Atik 1.1** : [Flèksibilite misyon nou] – Sepandan, PEEB ka òganize oubyen patisipe nan nenpòt aktivite ki sipòte avansman levanjil ak fè glwa Bondye briye.
 - ***Atik 1.2** : [Promès nou fè] – PEEB dwe toujou bay **sèvis bib la òdone yo gratis** a tout moun oubyen enstitisyon ki nan bezwen pou sa, tout kote sou tè a, san eksèpsyon, e san distenksyon. (Mak 13 : 10)
 - **Atik 1.2.1** : Men, fòk moun sa oubyen enstitisyon sa ap itilize sèvis PEEB a nan kad avansman levanjil tou san ke li p'ap tire yon pwofi sou sa. Si moun sa oubyen enstitisyon sa ap tire yon pwofi nan sa l'ap fè a, PEEB dwe chaje li yon frè ki rezonab pou kolaborasyon an. Sinon, PEEB dwe refize kolabore.
 - ***Atik 1.2.2** : PEEB, nenpòt Kreyen, oubyen nenpòt enstitisyon kreyen k'ap ofwi yon *sèvis ke bib la òdone* an kolaborasyon avèk PEEB pa dwe janm touche kòb, benefisyè yon kòb, aksèpte yon kado, oubyen aksèpte yon avantaj dirèkteman pou sèvis ki ofwi a. (Mak 13 : 10)
 - ***Atik 1.2.3** : PEEB pa dwe janm asosye avèk okenn moun oubyen okenn enstitisyon k'ap prAtike bagay Bondye pa vle. (2 Korentyen 6 : 17)
 - ***Atik 1.3** : [Kont Diskriminasyon] – kwayans relijyez, klas sosyal, nivo ekonomik, lokasyon jeografik, sèks, laj, afilyasyon politik, pa dwe janm konsidere nan desizyon pou PEEB bay sèvis. (Galat 3 : 28 / Kolosyen 3 : 11)
 - ***Atik 1.3.1** : Kwake bagay nou site nan **Atik 1.3** yo pa dwe janm konsidere nan kad sèvis n'ap ofwi yo, sepandan, yo dwe toujou konsidere nan kad kolaborasyon oubyen afilyasyon yo. (2 Korentyen 6 : 17)
 - **Atik 1.4** : Manb PEEB oubyen lòt enstitisyon ki fè alyans avèk PEEB dwe dakò pou onore **Atik 1.2.2** a inikman nan kad sèvis y'ap bay an kolaborasyon avèk PEEB. Sinon, kolaborasyon an dwe refize.
- **Atik 2** : [Finans] Sous finansman PEEB dwe soti nan Bondye pa mwayen favè benediksyon ke Bondye bay nou, aktivite komèsyal PEEB yo, avèk kontribisyon volontè Kreyen ak enstitisyon kreyen ki vle sipòte PEEB. (Provèb 10 : 22)

 - **Atik 2.1** : Administrasyon PEEB gen otorite pou fè demand a Kreyen oubyen enstitisyon kreyen pou kontribisyon ak sipò volontè sou fòm lajan, prodwi materyèl, sèvis, oubyen nenpòt ki lòt fòm bezwen PEEB genyen. (Matye 7 : 7)

- ***Atik 2.1.1** : Administrasyon an pa dwe janm egzije yon moun oubyen yon enstitisyon pou bay ofrann ni enpoze yon limit minimòm oubyen maksimòm sou kontribisyon li mande yo. Chak moun oubyen enstitisyon ka kontribye volontèman selon kè yo pou avansman travay PEEB ap fè yo e avansman wayòm Bondye sou tè a. (*1 Istwa 29 : 5-6*)
 - ***Atik 2.1.1.1** : Administrasyon PEEB ka **egzije** yon kontribisyon sèlman nan kad yon sèvis ke li ofwi ki benefisye manb yo ekonomikman oubyen sosyalman. Men, bagay ki pote benefis èspirityèl yo pa dwe janm mache avèk egzijans pou manb lan bay yon ofrann oubyen peye yon frè.
- ***Atik 2.1.2** : [*Nou pa nan tire revanj*] – Administrasyon PEEB pa dwe janm refize bay sèvis, bay move sèvis, oubyen itilize trètman ak pwopo ki pa apropwiye a sa bib la anseye, si yon moun oubyen yon enstitisyon ki te refize sipòte PEEB t'a vin bezwen asistans PEEB. (*1 Tesalonisyen 5 : 15*)
- **Atik 2.2** : Manb ak zanmi PEEB yo gen dwa a nenpòt ki moman pou yo fè PEEB kado lajan, materyèl, sèvis, etc. selon sa Bondye va mete sou kè yo pou yo fè. Nan ka sa yo, Administrasyon an dwe jwe yon wòl fasilitatè sèlman, li pa dwe ni egzije anyen, ni anpeche moun yo bay selon kè yo nonplis. (*1 Istwa 29 : 5-6*)
- **Atik 2.3** : Administrasyon PEEB gen otorite pou chanje materyèl ak sèvis ke PEEB posede yo an lajan pa mwayen vant, echanj, mete lekòl, oubyen lòt mwayen ki biblik, moral, legal, e apropwiye, lè gen nesesite pou sa.
 - **Atik 2.3.1** : Kretyen ki afilye nan yon asanble kretyèn gen priyorite pou achte sou tout payen chak fwa PEEB ap transfòme byen materyèl li yo an lajan.
- ***Atik 2.4** : Administrasyon PEEB pa dwe janm chaje yon frè pou dwa manb nan PEEB oubyen pou okenn lòt privilèj ki gen nati èspirityèl yo. (*Matye 10 : 8*)
 - **Atik 2.4.1** : Sepandan, manb yo ka rèsponsab pou peye yon frè pou materyèl y'ap itilize endividyèlman yo. Materyèl tankou badje, kòd badje, foto, videyo, album, mayo, dokiman, lòt kat privilèj, etc. Konsa tou, yo ka rèsponsab pou peye yon frè oubyen bay yon patisipasyon pou sèvis k'ap benefisye yo ekonomikman oubyen sosyalman yo (*eksèpte sèvis èspirityèl yo byensi*).

- ***^Atik 2.4.2** : Nan ka ki mansyone nan **Atik 2.4.1** yo; Administrasyon an ka chaje manb yo jiska yon maksimòm de 110% pri bagay la koute Administrasyon an.
 - ***Atik 2.4.3** : PEEB pa dwe janm prete Kretyen ki nan nesesite yo lajan avèk enterè. (*Egzòd 22 : 25*)

- **Atik 3** : PEEB dwe preche levanjil e sipòte kòz levanjil sèlman. (*Eklezyas 12 : 13*)
 - **Atik 3.1** : Bib la se premye dokiman ki gen gouvènans sou PEEB. Règleman Entèn lan se 2èm dokiman ki genyen otorite sa. Answit se MAD yo. Apwè yo, vini tèks lalwa nan nivo lokal, nasyonal, ou entènasyonal ki konsène aktivite PEEB yo. Finalman, vini kontra ki siyen ant PEEB avèk lòt endividi oubyen lòt enstitisyon kretyèn. (*1 Korentyen 14 : 33*)
 - **Atik 3.2** : Tout aktivite PEEB oubyen patisipasyon PEEB nan aktivite lòt Kretyen oubyen enstitisyon kretyèn yo dwe jistifye anba yonn nan 2 kritè sa yo : swa dirèkteman pou preche levanjil oubyen endirèkteman pou sipòte kòz k'ap fè glwa Bondye briye.
 - **Atik 3.3** : Yonn ou tout Ministè ak Biwo yo gen dwa rele KJ a nan rankont pou li jistifye ke **Atik 3.1** an respèkte alalèt jiskaske pa gen okenn dout ou konfizyon ki rete sou sa.
 - **Atik 3.3.1** : Si KJ a pa vle oubyen pa ka prouve ke **Atik 3.1** an respèkte alalèt, rès manb Pano a dwe vote yonn nan 3 desizyon sa yo selon sa Bondye va mete sou kè yo ki dwe fèt. 3 desizyon yo se : 1) *blame KJ la*, 2) *chanje KJ a pozisyon* andan Administrasyon an menm, ou 3) *dèstitiye KJ la* nan Administrasyon PEEB. Yonn nan 3 opsyon sa yo dwe chwazi selon gravite sitiyasyon an.
 - **Atik 3.3.1.1** : Desizyon pou Pano a ekri yon lèt blam a KJ a bezwen akò 70% minimòm nan manb Pano a ki an fonksyon yo. Desizyon pou Pano a chanje KJ la pozisyon anndan Administrasyon an bezwen akò 90% minimòm nan manb Pano a ki an fonksyon yo. Desizyon pou Pano a dèstitiye KJ la ap bezwen akò 100% manb Pano a ki an fonksyon yo. Si se mwens ke 70% nan manb Pano a ki panse ke KJ la pa onore **Atik 3.1** alalèt, yonn nan 3 desizyon sa yo pa dwe pran menm, men, manb Pano sa yo dwe ekri yon lèt konsèy avèk ankourajman voye bay KJ la sou kijan yo panse ke KJ la ka amelyore nan sans sa epi konsève yon kopi lèt sa. Lèt sa dwe konsidere nan

desizyon k'ap pran si Pano a t'a panse ke KJ la vyole **Atik 3.1** an ankò.

- **Atik 3.3.1.2** : Lè yon chanjman pozisyon fèt, KJ la pa ka sèvi nan pozisyon sa ankò pou 1 an. Apwè 1 an, li elijib pou pozisyon sa ankò men se selon desizyon Pano a. Tout desizyon dwe pran pa mwayen vòt.
- **Atik 3.3.1.3** : Nan ka yon dèstitisyon, KJ la pa ka sèvi nan Administrasyon an pou 2 zan. Li ka toujou rete manb PEEB si li vle sa men li p'ap nan okenn pozisyon nan Administrasyon an. Aprè 2 zan, si Pano a vote li anndan Administrasyon an ankò, li bezwen sèvi nan yon lòt pozisyon pou 1 an pou pi piti anvan li vin elijib pou sèvi kòm KJ ankò.

- ***Atik 4** : PEEB pa dwe janm gen pozisyon politik oubyen sipòte yon politisyen oubyen yon pati politik akòz nati danjere politik genyen an.
 - ***Atik 4.1** : Sepandan, PEEB dwe toujou kritike tout aksyon ki imoral, enjis, oubyen ki pa selon volonte Bondye menm si se yon politisyen k'ap prodwi aksyon sa. PEEB dwe kontinye fè sa avèk yon pwidans ki rezonab (*sa vle di ki pa konvèti an yon senp lachte*) (*Revelasyon 21 : 8*) pandan l'ap evite konfrontasyon dirèk avèk yon politisyen oubyen yon pati politik nan mezi ki posib.
- ***Atik 5** : PEEB pa dwe janm fè alyans avèk okenn payen oubyen enstitisyon payèn ki vle di nenpòt enstitisyon ki pa soumèt devan otorite Bondye. (*2 Korentyen 6 : 17*)
 - **Atik 5.1** : PEEB kapab travay nan yon menm objèktif avèk yon payen oubyen yon enstitisyon payèn, nan yon menm andwa, oubyen sou yon menm platfòm depi pa gen okenn asosyasyon oubyen alyans vèbal oubyen ekri ki fèt ant PEEB avèk enstitisyon payèn sila.
 - ***Atik 5.2** : PEEB pa dwe janm asosye avèk yon endividi k'ap viv nan dezobeyisans a volonte Bondye oubyen avèk yon enstitisyon ki t'a va genyen menm yon sèl manb nan Administrasyon li k'ap viv nan dezobeyisans a volonte Bondye.
- **Atik 6** : Lang ofisyèl kominikasyon nan PEEB se Kreyòl Ayisyen an.
 - **Atik 6.1** : PEEB kapab tradwi nan tout lòt lang yo tou depi genyen mwayen ki disponib pou sa. Men, lang primè tout aktivite avèk prodiksyon dwe kòmanse fèt se lang kreyòl ayisyen an.

- **Atik 6.2** : PEEB ka prodwi yon sèvis nan yon lòt lang tou lè li jije sa ap fasilite odyans sèvis la vize a.
- **Atik 7** : Lè tout Biwo avèk Ministè yo fin konplè, manb Administrasyon an dwe chwazi pa mwayen elèksyon jeneral ke KJ a va òganize chak 3 zan.
 - ***Atik 7.1** : Sèl pozisyon Koòdonatè Jeneral la ki p'ap nan elèksyon, se yon pozisyon ki dwe toujou rete pou nominasyon. KJ la ap sèvi jiskaske rès Pano a dèstitye li pou move kondwit oubyen enkapasite pou ranpli fonksyon li tankou enkapasite ki vini avèk anpil laj, maladi, oubyen lanmò.
 - **Atik 7.1.1** : Si sa t'a vin nan enterè levanjil pou KJ a dèstitye, oubyen si KJ la vin enkapab akòz laj, maladi, oubyen li vin tonbe mouri, oubyen tou si KJ la t'a jis deside demisyone, pozisyon sa ap kenbe pa adjwen li an (si li nome) oubyen DAD la pou yon ti tan pandan Pano a ap priye pou Bondye bay yo dirèksyon sou ki moun ki dwe nome nan pozisyon sa. Adjwen an pa ka tounen KJ prensipal otomAtikman. Sepandan, li dwe konsidere an premye pa Pano a pou nominasyon kòm KJ prensipal pa mwayen yon vòt. Si li pa pase, Pano a ka kòmanse konsidere lòt manb.
 - **Atik 7.1.1.1** : Eksèpte nan kad yon lòd dirèk ke Bondye bay e ke Pano a konfime, yon moun pa ka soti deyò PEEB pou vin KJ. Tout Kretyen k'ap konsidere pou pozisyon KJ la dwe deja manb PEEB pandan 5 lane minimòm ak manb Administrasyon PEEB pou 3 lane minimòm. Koòdonatè Adjwen an oubyen DAD la dwe kontinye fonksyon entèrim lan jiskaske 2 kondisyon sa yo reyini menm si se yonn nan yo ki anba konsiderasyon an. Lè Pano a konvenk ke yo jwenn yon moun ke yo ka konfye pozisyon sa nan enterè avansman PEEB ak avansman levanjil, yo dwe reyini pou ofisyalize nominasyon li ak yon vòt 100% obligatwa.
 - **Atik 7.1.1.2** : Si Bondye t'a chwazi nome yon moun pou KJ pa mwayen revelasyon, komisyon li voye, profes, etc., prosès nominasyon vin pa nesesè ankò. OtomAtikman tout Pano a konvenk ke se vwa Bondye ki pale a vrèman, ka a klotire la. Li rete sèlman pou Pano a pibliye moun sa kòm nouvo KJ PEEB.
 - **Atik 7.1.1.3** : Nan moman entèrim sa, KJ-Adjwen an (si li nome) oubyen DAD la dwe pran plas KJ la jis pou ranpli

fonksyon regilye yo epi kontinye tout travay KJ a te deja kòmanse yo sèlman. Li ka kontinye projè ki te deja apwouve men li pa gen otorite pou inisye okenn projè, fè okenn nouvo acha ki depase 10.000 HTG, vann anyen PEEB posede, amande RE lan, pran okenn desizyon ki pwal angaje PEEB avèk yon endividi kretyen oubyen yon lòt enstitisyon kretyèn pou plis ke 30 jou, oubyen pran nenpòt desizyon ki pa gen sipò tout rès Pano a (100%).

- **Atik 7.1.2** : KJ la gen otorite pou nome ranplasan li lè li konvenk ke misyon li nan PEEB fini pou nenpòt rezon an. Nan ka sa, rès Pano a dwe sèlman bay li konsèy ak opinyon yo sou kandida li anvizaje a, men li gen otorite final sou ranplasan li.
 - **Atik 7.1.2.1** : Si KJ la refize nome ranplasan li pandan ke enkapasite li klèman ap lakòz pwoblèm pou PEEB, ap anpeche avansman PEEB, oubyen si li kategorikman refize rèspektè e fè aplike tout atik RE sa alalèt, Pano a gen otorite pou mete li atè onorabman avèk apwobasyon tout manb Pano a (100%) e aplike **Atik 7.1.1** an, **Atik 7.1.1.1** an, avèk **Atik 7.1.1.3** a.
- **Atik 7.2** : Lè moman elèksyon chak 3 zan an rive, pou chak pozisyon, KJ a ap pran non tout moun ki vle nan pozisyon sa enkli moun ki te deja ladann lan epi l'ap mande rès Administrasyon an pou vote apwè chak kandida yo fin adrese asanble a sou fòm yon kanpay 5-10 minit pa kandida.
- **Atik 7.3** : Si gen yon pozisyon ki pa gen okenn nouvo kandida pou li. Moun ki te deja ladann lan ap kenbe li pou yon lòt 3 zan. Si moun ki te ladann lan vle kite li, l'ap rete vid jiskaske KJ a nome yon moun ladann oubyen prochen elèksyon an rive nan 3 zan ankò.
- **Atik 7.4** : [*Sèvis Bondye rete volontè*] – Nenpòt manb nan nenpòt Biwo oubyen manb konsèy nenpòt Ministè ka demisyone nenpòt lè yo vle fè sa. Se yon aktivite konplètman volontè PEEB ye (*travay Bondye ye*).
 - **Atik 7.4.1** : Si manb sa kite Administrasyon an pou yon rezon ki valab tankou maladi, prizon enjis, yon projè pèsònèl, apèl Bondye pou yon lòt travay, etc., li ka mande tounen ankò nenpòt lè sitiyasyon ki te fè li kite a rezoud oubyen pran fen.
 - **Atik 7.4.2** : Si yon manb kite Administrasyon an pou yon rezon ki pa valab tankou kont avèk yon lòt manb, enkapasite pou fè bagay yo fèt jan li t'a vle a, revandikasyon kont yon atik nan règleman entèn lan,

etc., moun sa ap ka mande tounen aprè yon peryòd entèdiksyon de 1 an a pati de jou li te kite ofisyèlman an. 2èm fwa sa rive, l'ap ka mande tounen aprè yon peryòd entèdiksyon de 2 zan. Yon lane ap kontinye ajoute nan peryòd entèdiksyon an chak fwa moun sa kite.

► **Atik 8** : Kantite Biwo oubyen Ministè avèk kantite manb chak Biwo oubyen Ministè PEEB yo genyen kapab chanje selon nesesite nan kad avansman levanjil avèk avansman PEEB. Jiska nouvo lòd, PEEB genyen 4 Biwo avèk 2 Ministè: Biwo Koòdinasyon Jeneral, Biwo Administratif, Biwo Lojistik, Biwo Akademik, Ministè Ansèyman, avèk Ministè Priyè.

○ **Atik 8.1** : **Biwo Koòdinasyon Jeneral** la genyen 3 pozisyon : Koòdonatè Jeneral, Kontab, e Sekretè. Biwo sa la pou founi ideyoloji, estrateji, dirèksyon, sipèvizyon, avèk tout mwayen nesesè ki pwal pèmèt ke PEEB akonpli misyon avèk vizyon li selon bib la. Answit, Biwo sa genyen rèsponsablite pou dirije e koòdone relasyon ant tout lòt Biwo e Ministè yo pou pèmèt ke yo akonpli misyon PEEB a nan amoni. Anfen, Biwo sa la tou pou etabli e jere relasyon ant PEEB avèk lòt Kreyen oubyen enstitisyon Kreyèn yo. Sèl Biwo Koòdinasyon Jeneral la chaje pou apwouve tout zafè èkstèn. Tout lòt Biwo e Ministè yo dwe kolabore nan zafè ki konsène yo nan tout relasyon èkstèn aprè apwobasyon KJ la.

■ **Atik 8.1.1** : Rèsponsabilite Koòdonatè Jeneral (KJ) la : detèmine e klarifye vizyon PEEB, sa vle di afime kisa PEEB vle akonpli e ki kote PEEB vle rive yon fason pou tout Biwo avèk Ministè yo ka travay nan liy vizyon an – entegre e separe moun de PEEB – prezide sou tout rankont ant Ministè avèk Biwo yo – asire ke tout Ministè avèk Biwo yo ap fè travay yo byen – reyalize nominasyon chak fwa yon Biwo oubyen Ministè gen yon plas vid – òganize elèksyon nan Administrasyon an chak 3 zan (lè tout pozisyon prensipal yo fin ranpli) – bay otorite a manb, lòt moun, oubyen lòt enstitisyon pou aji nan non PEEB lè sa nesesè – òganize yon asanble jeneral anyèl e lòt fèstivite nan okazyon anivèsè PEEB – founi e kolèkte lide oubyen plan pou agrandisman avèk avansman levanjil e PEEB – ranpli fonksyon nenpòt Dirèktè oubyen Pòt-Pawòl ki poko nome, ki dèstitiye, ki kite, oubyen ki jis pa disponib – detèmine Bidjè PEEB – founi modòd disiplinè pou fonksyonman PEEB chak fwa sa nesesè – rezève desizyon final sou rezolisyon tout konfli nan PEEB aprè ke pati ki

konsène yo èksplwate tout atou ke yo te genyen – detèmine tout prim nan PEEB e distribye yo nan Kan-LABIB k’ap vini an – volontèman pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** ak devan **lèzòm** pou tout sa ki rive nan PEEB, byen ou mal.

- **Atik 8.1.2 : Rèsponsabilite Kontab la** : kenbe bous PEEB – kreye kont bankè lè sa nesèsè e avèk otorizasyon Koòdonatè Jeneral la – pran nòt chak jou sou tout lajan k’ap antre oubyen soti – prepare yon rapò finasyè sou chak kòb ki antre oubyen soti – prepare yon rapò sou chak byen materyèl oubyen sèvis pou enkli valè yo ki antre oubyen soti – jere enfòmasyon kont bankè PEEB – chèche enfòmasyon sou lè sa ap nesèsè pou PEEB peye leta taks ou frè pou aktivite ou sèvis projè a selon valè taks ou frè pou rejyon an – chèche e pwezante enfòmasyon sou envèstisman k’ap bon pou grandisman ekonomik PEEB – prepare rapò grafik avèk èstatistik ki montre evolasyon ekonomik PEEB a travè tan – kolèkte enfòmasyon e prepare yon bidjè anyèl pou tout materyèl, sèvis, avèk lajan ke chak Biwo avèk Ministè yo ap bezwen pou yo ka fè travay yo byen – prezante yon rapò sou tout materyèl, sèvis, ak lajan PEEB – volontèman pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Koòdonatè Jeneral** la pou tout sa ki rive nan jesyon finans PEEB, byen ou mal.
 - **Atik 8.1.2.1** : Bidjè anyèl la bezwen siyen pa KJ a anvan li ka antre an aplikasyon.
- **Atik 8.1.3 : Rèsponsabilite Sekretè a**: pran nòt e prepare yon rapò sou dewoulman chak rankont, aktivite, sèvis, etc., ke Koòdinasyon Jeneral la patisipe – redije tout korèspondans k’ap soti nan biwo a – prepare e jere lis non tout moun k’ap sèvi nan Administrasyon PEEB ak pozisyon yo – kolèkte non ak koòdone tout manb Administrasyon an – pran nòt sou tout sa k’ap pase nan PEEB pou zafè kouran Koòdinasyon an – mande e kolèkte tout dokiman ki konsène PEEB pou zafè kouran yo pou 5 lane – konsève tout dokiman PEEB nan achiv pou 10 lane adisyonèl pou pi piti lè yo soti nan zafè kouran Biwo ak Ministè yo – detwi dokiman ki date plis ke 15 lane yo ak pèmision KJ la – anrejistre epi konsève rapò dire sèvis tout mand Administrasyon – volontèman pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Koòdonatè Jeneral** la pou tout sa ki rive nan sekretarya Koòdinasyon PEEB, byen ou mal.

- **Atik 8.2 : Biwo Administratif** la genyen 5 pozisyon : Dirèktè Administratif, Kontab, Sekretè, Lidè sèvis, e Delege. Biwo sa la pou detèmine pwensip avèk desizyon administratif k'ap sipòte misyon, ideyoloji, avèk èstrateji KJ la te bay nan kad akonplisman vizyon PEEB.
 - **Atik 8.2.1 : Rèspansabilite Dirèktè Administratif (DAD)** la: prezide sou aktivite Biwo Administratif la – asire ke tout manb Biwo Administratif la ap fè travay yo byen – kolèkte e prezante bezwen manb Biwo a a Koòdinasyon an – sipòte KJ la nan òganizasyon elèksyon yo – reyalize asanble jeneral anyèl la e lòt fèstivite yo selon gidans KJ a – sipèvizite reyalizasyon tout sèvis Biwo Administratif la epi travay sou pèfèksyonman plan avansman PEEB yo – ranpli fonksyon tout manb biwo a ki poko nome oubyen ki pa disponib – detèmine epi òganize tout aktivite evanjelizasyon avèk sèvis tankou Jèn, revèy, kwazad, etc., ak lòt program pou devlopman èspritèl e sosyal manb yo nan PEEB – òganize aktivite evanjelizasyon ant PEEB e lòt enstitisyon kretyèn yo tou – prezide sou tout deplasman oubyen aktivite ke PEEB ap òganize selon gidans KJ a – propoze manb PEEB a KJ la pou nominasyon nan Biwo Administratif la – ekri MAD pou program, sèvis, ak fonksyonman Biwo a – volontèman pote rèspansabilite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Koòdonatè Jeneral** la pou tout sa ki rive nan Biwo Administratif PEEB, byen ou mal.
 - **Atik 8.2.2 : Rèspansabilite Kontab la** : kenbe bous Biwo Administratif la – kreye kont bankè lè sa nesèsè e avèk otorizasyon DAD la – prepare rapò finansyèl anyèl Biwo a – pran nòt chak jou sou tout lajan k'ap antre oubyen soti – anrejistre rapò sou chak kòb ki antre oubyen soti – anrejistre rapò sou chak byen materyèl ou sèvis pou enkli valè yo ki antre ou soti nan Biwo a – jere enfòmasyon kont bankè Biwo a – chèche e pwezante enfòmasyon sou envètisman k'ap bon pou grandisman ekonomik PEEB – volontèman pote rèspansabilite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Dirèktè** a pou tout sa ki rive nan finans Biwo Administratif PEEB, byen ou mal.
 - **Atik 8.2.3 : Rèspansabilite Sekretè a** : kolèkte ak konsève enfòmasyon sou tout moun k'ap sèvi nan PEEB – prepare rapò pou chak rankont, aktivite, sèvis, etc., ki fèt nan Biwo Administratif la –

pran nòt sou tout sa k'ap pase nan Biwo a – redije tout korèspondans k'ap soti nan biwo a – kolèkte epi jere tout dokiman Biwo a pou zafè kouran pandan 5 lane, answit remèt dokiman sa yo a Koòdinasyon Jeneral la – volontèman aksèpte rèsponsabilite lè yon dokiman Biwo Administratif la pa disponib – volontèman pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Dirèktè** a pou tout sa ki rive nan sekretarya Biwo Administratif PEEB, byen ou mal.

- **Atik 8.2.4 : Rèsponsabilite Lidè Sèvis yo** : chèche epi propoze lòt kretyen ki ka ede jere sèvis la – detèmine tout materyèl nesèsè e propoze yo a DAD la pou aprobasyon – egzekite sèvis la selon modòd administratif (**MAD**) DAD la – bay DAD la rapò regilye sou dewoulman sèvis la – renmèt tout dokiman ki pa kouran oubyen nesèsè a Sekretè biwo a nan mwens ke 3 jou pou konsèvasyon – volontèman pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Dirèktè** a pou tout sa ki rive nan sèvis Biwo Administratif PEEB sa, byen ou mal.
- **Atik 8.2.5 : Rèsponsabilite Delege yo** : reprezante Biwo Administratif la nan rankont avèk lòt moun, Biwo, Ministè, oubyen enstitisyon – bay Sipèvizè imedyat la rapò sou rankont sa yo – kolèkte epi jere non ak koòdone tout disip ki nan jiridiksyon an – egzekite lòd DAD la alalèt nan jiridiksyon li repwezante a – kolèkte tout problèm jiridiksyon an ap konfwonte e rapòte yo a Sipèvizè imedyat la – aplike desizyon ak disiplin DAD la nan jiridiksyon an – volontèman pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Dirèktè** a pou tout sa ki rive nan Jiridiksyon rèspektiv yo chak, byen ou mal.
- **Atik 8.3 : Biwo Lojistik** la genyen 6 pozisyon : Dirèktè Lojistik, Sipèvizè Projè, Kontab, Sekretè, Lidè Sèvis, ak Delege. Biwo sa la pou detèmine pwensip avèk desizyon lojistik k'ap sipòte misyon, ideyoloji, avèk èstrateji KJ la nan kad akonplisman vizyon PEEB.
 - **Atik 8.3.1 : Rèsponsabilite Dirèktè Lojistik (DL) la** : prezide sou aktivite Biwo lojistik la – asire ke tout manb Biwo a ap fè travay yo – planifye tout bezwen lojistik PEEB – kolèkte e prezante bezwen manb Biwo a a KJ la – kontwòle ak administre tout materyèl PEEB posede yo takou lokal, veyikil, ekipman, machandiz, etc. – planifye ak reponn a tout bezwen lojistik diran tout aktivite PEEB tankou Kan-

LABIB, jounen retrouvay, vizit adomisil, jèn, kwazad, etc. – ranpli fonksyon tout manb Biwo a ki poko nome oubyen ki pa disponib – propoze manb PEEB a KJ la pou nominasyon nan Biwo Lojistik la – ekri MAD pou program, sèvis, ak fonksyonman Biwo a – volontèman pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** ak devan **Koòdonatè Jeneral** la pou tout sa ki rive nan Biwo Lojistik PEEB, byen ou mal.

- **Atik 8.3.2 : Rèsponsibilite Sipèvizè a** : jere ak sekirize tout materyèl PEEB yo tankou lokal, veyikil, ekipman, machandiz, etc. – jere tout projè konstriksyon nan PEEB oubyen an kolaborasyon avèk PEEB – sipèvizite itilizasyon materyèl PEEB yo nan tout Biwo ak Ministè yo – rapò tout abi materyèl PEEB yo ap sibi a DL la – volontèman pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Dirèktè** a pou tout sa ki rive nan sipèvizyon Biwo Lojistik PEEB, byen ou mal.
- **Atik 8.3.3 : Rèsponsibilite Kontab la** : kenbe bous Biwo Lojistik la – kreye kont bankè lè sa nesese e avèk otorizasyon DL la – prepare rapò finansyèl anyèl Biwo a – pran nòt chak jou sou tout lajan k’ap antre oubyen soti – anrejistre rapò sou chak kòb ki antre oubyen soti – anrejistre yon rapò sou chak byen materyèl ou sèvis pou enkli valè yo ki antre ou soti nan Biwo a – jere enfòmasyon kont bankè Biwo a – chèche e pwezante enfòmasyon sou envètisman k’ap bon pou grandisman ekonomik PEEB – volontèman pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Dirèktè** a pou tout sa ki rive nan finans Biwo Lojistik PEEB, byen ou mal.
- **Atik 8.3.4 : Rèsponsibilite Sekretè a** : kolèkte non ak koòdone tout manb BL la – ekri oubyen verifye tout dokiman ki pwale sou sit entènèt PEEB a oubyen prezante an piblik nan non projè a pou vyolasyon règ gramè, èstilistik, fòmalitye, etc. – redije tout korèspondans k’ap soti nan biwo a – chèche enfòmasyon sou tout nouvo règ pou ekri ou prezante dokiman nan media sosyal yo – chèche enfòmasyon sou tout media, lojisye aplikasyon ki ka itil projè a – prepare yon rapò anyèl sou tout aktivite Biwo lojistik la – prepare yon rapò pou chak rankont, aktivite, sèvis, etc. ki fèt nan Biwo a – pran nòt sou tout sa k’ap pase nan Biwo lojistik la – jere tout dokiman Biwo a pou zafè kouran yo pandan 5 lane, answit remèt dokiman sa

yo a Koòdinasyon Jeneral la – volontèman pote e aksèpte rèsponsabilite lè yon dokiman Biwo Lojistik la pa disponib – volontèman pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Dirèktè** a pou tout sa ki rive nan sekretarya Biwo Lojistik PEEB, byen ou mal.

- **Atik 8.3.5** : Rèsponsabilite Lidè Sèvis yo : chèche epi propoze lòt kretyen ki ka ede jere sèvis sa – detèmine tout materyèl nesèsè e propoze yo a DL la pou aprobasyon – egzekite sèvis la selon modòd administratif (**MAD**) DL la – renmèt tout dokiman ki pa kouran oubyen nesèsè a Sekretè biwo a nan mwens ke 3 jou pou konsèvasyon – volontèman pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Dirèktè** a pou tout sa ki rive nan sèvis Biwo Lojistik PEEB, byen ou mal.
- **Atik 8.3.6** : Rèsponsablite Delege yo : reprezante Biwo Lojistik la nan rankont avèk lòt moun, Biwo, Ministè, oubyen enstitisyon – bay Sipèvizè imedyat la rapò sou rankont sa yo – egzekite lòd DL la nan jiridiksyon li repwezante a – kolèksyone tout problèm jiridiksyon an ap konfwonte e rapòte yo a Sipèvizè imedyat la – aplike desizyon DL la nan jiridiksyon an – volontèman pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Dirèktè** a pou tout sa ki rive nan Jiridiksyon respèktiv yo chak, byen ou mal.
- **Atik 8.4** : **Biwo Akademik** la gen 5 pozisyon: Dirèktè Akademik, Sipèvizè Enstriksyon, Kontab, Sekretè, avèk Lidè sèvis yo. Biwo sa la pou detèmine pwensip ak desizyon akademik k'ap sipòte misyon, ideyoloji, avèk estrateji KJ a nan kad akonplisman vizyon PEEB.
 - **Atik 8.4.1** : Rèsponsabilite Dirèktè Akademik (DAK) la : prezide sou tout aktivite Biwo Akademik lan – administre tout aktivite akademik nan PEEB – kreye epi konsève rapò akademik yo – kolèkte e prezante demand manb yo a Koòdinasyon an – ranpli fonksyon tout manb Biwo a ki poko nome oubyen ki pa disponib – òganize aktivite, program, ak sèvis ki vize devlopman èspirityo-entèlèktyèl manb yo – verifye ke tout manb yo ap fè travay yo – propoze manb PEEB a KJ la pou nominasyon nan Biwo Akademik la – ekri MAD pou program, sèvis, ak fonksyonman Biwo a – volontèman pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Koòdonatè Jeneral** la pou tout sa ki rive nan Biwo Akademik PEEB, byen ou mal.

- **Atik 8.4.2 : Rèspansabilite Sekretè a** : prepare yon rapò anyèl sou tout aktivite Biwo Akademik lan – redije tout korèspondans k’ap soti nan biwo a – prepare yon rapò pou chak rankont, aktivite, sèvis, etc., ki fèt nan Biwo akademik lan – pran nòt sou tout sa k’ap pase nan Biwo akademik lan – prepare rapò grafik avèk èstatistik sou evolasyon nan Biwo Akademik lan a travè tan – resewa tout resi ak lòt papyè nan Biwo a pou konsève pou 5 lane, answit renmèt y a Koòdinasyon Jeneral la – volontèman pote rèspansablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Dirèktè** a pou tout sa ki rive nan sekretarya Biwo Akademik PEEB, byen ou mal.
- **Atik 8.4.3 : Rèspansibilite Kontab la** : kenbe bous Biwo Akademik lan – kreye kont bankè lè sa nesèsè e avèk otorizasyon DAK la – prepare rapò finansyè anyèl Biwo a – pran nòt chak jou sou tout lajan k’ap antre oubyen soti – anrejistre rapò sou chak kòb ki antre oubyen soti – anrejistre rapò sou chak byen materyèl ou sèvis pou enkli valè yo ki antre ou soti nan Biwo a – jere enfòmasyon kont bankè Biwo a – chèche e pwezante enfòmasyon sou envètisman k’ap bon pou grandisman ekonomik PEEB – volontèman pote rèspansablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Dirèktè** a pou tout sa ki rive nan finans Biwo Akademik PEEB, byen ou mal.
- **Atik 8.4.4 : Rèspansabilite Lidè Sèvis yo** : chèche epi propoze lòt Kreyen ki ka ede jere sèvis la – detèmine tout materyèl nesèsè pou sèvis/program lan e propoze yo a DAK la pou aprobasyon – egzekite sèvis la selon modòd administratif (**MAD**) DAK la – renmèt tout dokiman ki pa kouran oubyen pa nesèsè yo a Sekretè biwo a nan mwens ke 3 jou pou konsèvasyon – volontèman pote rèspansablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Dirèktè** a pou tout sa ki rive nan sèvis Biwo Akademik PEEB, byen ou mal.
- **Atik 8.4.5 : Rèspansibilite Sipèvizè a** : òganize, planifye, epi sipèvize reyalizasyon tout aktivite akademik nan PEEB – rann kont a DAK la sou tout aktivite akademik yo – administre egzamen epi kreye rapò nan aktivite akademik yo – volontèman pote rèspansablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Dirèktè** a pou tout sa ki rive nan sipèvizyon Biwo Akademik PEEB, byen ou mal.
- **Atik 8.5 : **Konsèy Ministè Asèyman**** an genyen 4 pozisyon: Pòt-Pawòl, Sipèvizè, Kontab, ak Sekretè. Ministè sa la pou founi ak òganize tout aktivite

ansèyman k'ap sipòte misyon, ideyoloji, avèk èstrateji KJ la nan kad akonplisman vizyon PEEB. Ministè sa la pou planifye, òganize, e reyalize tout aktivite ansèyman kote PEEB envite pou anseye.

- **Atik 8.5.1: Rèponsablite Pòt-Pawòl Ministè Ansèyman (PPA) an :** sèvi lyezon ant Ministè Ansèyman an avèk tout lòt branch Administrasyon an – prezide sou tout aktivite Ministè Ansèyman an – ranpli fonksyon tout manb Ministè a ki poko nome oubyen ki pa disponib – kolèkte e prezante bezwen manb Ministè a a Koòdinasyon an – asire ke tout lwa ak koutim ki regade ansèyman respèkte nan tout zòn PEEB ap fonksyone yo – verifye ke tout manb yo ap fè travay yo – kreye, korije, òganize, e aprouve tout dokiman PEEB apibliye pou itilizasyon entèn oubyen èkstèn – founi ansenyan, konferansye, avèk predikatè pou tout aktivite PEEB anchaj oubyen envite – pwopoze Kreyen a KJ la pou nominasyon nan MA an – ekri MAD pou program, sèvis, ak fonksyonman Ministè a – asire ke tout mand Konsèy ministè a ap fè travay yo – volontèman pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Koòdonatè Jeneral** la pou tout sa ki rive nan Ministè Ansèyman PEEB, byen ou mal.
- **Atik 8.5.2 : Rèponsablite Sipèvizè a :** planifye, òganize, epi reyalize tout aktivite nan MA an selon dirèksyon PPA an – sipèvizè travay tout ansenyan PEEB yo – bay rapò a PPA an sou travay ansenyan yo – jere tout materyèl ki anba kontwòl MA an – kontwole ak administre tout dokiman k'ap publiye sou non PEEB – volontèman pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Pòt-Pawòl** la pou tout sa ki rive nan sipèvizyon Ministè Ansèyman PEEB, byen ou mal.
- **Atik 8.5.3 : Rèponsablite Kontab la :** kenbe bous Ministè Ansèyman an – kreye ak jere kont bankè lè sa nesèsè e avèk otorizasyon PPA an – prepare rapò finansyè anyèl Ministè a – pran nòt chak jou sou tout lajan k'ap antre oubyen soti – anrejistre rapò sou chak kòb ki antre oubyen soti – anrejistre rapò sou chak byen materyèl oubyen sèvis pou enkli valè yo ki antre ou soti nan Ministè a – chèche e pwezante enfòmasyon sou envètisman k'ap bon pou grandisman ekonomik PEEB – volontèman pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Pòt-Pawòl** la pou tout sa ki rive nan finans Ministè Ansèyman PEEB, byen ou mal.

- **Atik 8.5.4 : Rèsponsabilite Sekretè a** : prepare yon rapò anyèl sou tout aktivite Ministè Ansèyman an – redije tout korèspondans k’ap soti nan Ministè a – prepare yon rapò pou chak rankont, aktivite, sèvis, etc., ki fèt nan MA an – pran nòt sou tout sa k’ap pase nan MA an – prepare rapò grafik avèk èstatistik sou evolasyon nan MA an a travè tan – resevwa tout resi ak lòt papye nan Ministè an pou konsève pou 5 lane, answit renmèt yo a Koòdinasyon an pou achiv – volontèman pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Pòt-Pawòl** la pou tout sa ki rive nan sekretarya Ministè Ansèyman PEEB, byen ou mal.
- **Atik 8.5.5 : Ministè Ansèyman** an rèsponsab pou prodwi ak verifye bibliyman tout ansèyman k’ap soti nan PEEB, k’ap prezante nan non PEEB oubyen k’ap fèt an kolaborasyon avèk PEEB. Kit se ansèyman ekri ou oral, tout dwe aprouve pa Ministè Ansèyman an selon dirèksyon Koòdinasyon Jeneral la. Ministè yo pa gen limit nan kantite manb yo kapab genyen.
 - **Atik 8.5.5.1** : tout Ansenyan ak Predikatè ki pwal anseye oubyen preche nan PEEB oubyen nan non PEEB dwe manb Ministè Ansèyman PEEB a eksèpte nan kad antrènman oubyen pwatik k’ap fèt anba sipèvizyon MA an. Nou konsidere kad tankou Kan-LABIB oubyen group Whatsapp PEEB yo kòm antrènman oubyen pwatik. Kidonk, moun k’ap pale nan kad sa yo oubyen nan kad ki sanble avèk yo pa oblije manb Ministè Ansèyman PEEB a.
 - **Atik 8.5.5.2** : pou yon kretyen vin manb Ministè Ansèyman PEEB a, l’ap bezwen ap mennen yon vi kretyèn egzanplè, l’ap bezwen konplete yon etid teyolojik swa nan yon semèn teyolojik oubyen nan PEEB a travè konpleksyon seri etid ke PEEB ap prezante nan Kan-LABIB la. Answit, KJ a ap bezwen obsève moun sa jiskaske li konvenk ke doktrin moun sa biblik. Anfen, KJ la ap nome moun sa pou li vin manb Ministè Ansèyman PEEB a.
 - **Atik 8.5.5.2.1** : Pòt-Pawòl Ministè Ansèyman an ka propoze a Koòdinasyon an nenpòt kretyen ke li panse ka ede Ministè a progresse. KJ a rèsponsab tout desizyon final.

- **Atik 8.6 : Konsèy Ministè Priyè** a genyen 5 pozisyon : Pòt-Pawòl, Kontab, Sekretè, Lidè SADME, avèk Delege. Ministè sa la pou founi e òganize tout aktivite priyè k'ap sipòte misyon, ideyoloji, avèk èstrateji KJ la nan kad akonplisman vizyon PEEB. Ministè sa la pou planifye, òganize, e reyalize tout aktivite priyè kote PEEB envite pou òganize nenpòt sèvis priyè.
 - **Atik 8.6.1: Rèsponsablite Pòt-Pawòl Ministè Priyè (PPP)** a : sèvi lyezon ant Ministè Priyè a avèk tout lòt branch Administrasyon an – prezide sou tout aktivite Ministè Priyè a – ranpli fonksyon tout manb Ministè a ki poko nome oubyen ki pa disponib – asire reyalizasyon tout aktivite priyè nan PEEB oubyen nan non PEEB – asire ke tout lwa ak koutim ki regade priyè respèkte nan tout zòn PEEB ap fonksyone yo – pwopoze Kretyen a KJ la pou nominasyon nan MP a – notifiye KJ la lè yon manb MP a rive sou 3 absans konsekativ – verifye ke tout manb yo ap fè travay yo – kolèkte e prezante bezwen manb Ministè a a Koòdinasyon an – ekri MAD pou program, sèvis, ak fonksyonman Ministè a – volontèman pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Koòdonatè Jeneral** la pou tout sa ki rive nan Ministè Priyè PEEB, byen ou mal.
 - **Atik 8.6.2 : Rèsponsablite Kontab la** : kenbe bous Ministè Priyè a – kreye kont bankè lè sa nesesè e avèk otorizasyon PPP a – prepare rapò finansyè anyèl Ministè a – pran nòt chak jou sou tout lajan k'ap antre oubyen soti – anrejistre rapò sou chak kòb ki antre oubyen soti – anrejistre rapò sou chak byen materyèl oubyen sèvis pou enkli valè yo ki antre oubyen soti nan Ministè a – jere enfòmasyon kont bankè Ministè a – chèche e pwezante enfòmasyon sou envètisman k'ap bon pou grandisman ekonomik PEEB – volontèman pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Pòt-Pawòl** la pou tout sa ki rive nan finans Ministè Priyè PEEB, byen ou mal.
 - **Atik 8.6.3 : Rèsponsabilite Sekretè a** : prepare yon rapò anyèl sou tout aktivite Ministè Priyè a – prepare yon rapò pou chak rankont, aktivite, sèvis, etc., ki fèt nan MP a – pran nòt sou tout sa k'ap pase nan MP a – redije tout korèspondans k'ap soti nan Ministè a – prepare rapò grafik avèk èstatistik sou evolasyon nan MP a a travè tan – resevwa tout resi avèk lòt papyè nan Ministè a pou konsèvasyon pou 5 lane – pran nòt sou tout manb Ministè a ki rate Kan-LABIB epi rapòte a PPP a lè yon manb rive sou 3 absans konsekativ – volontèman

pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Pòt-Pawòl** la pou tout sa ki rive nan sekretarya Ministè Priyè PEEB, byen ou mal.

- **Atik 8.6.4** : Rèsponsabilite Lidè Sèvis yo : chèche epi propoze lòt kretyen ki ka ede jere sèvis la – detèmine tout materyèl nesèsè pou sèvis/program lan e propoze yo a PPP a pou aprobasyon – egzekite sèvis la selon modòd administratif (**MAD**) PPP a – renmèt tout dokiman ki pa kouran oubyen nesèsè a Sekretè Ministè a nan mwens ke 3 jou pou konsèvasyon – volontèman pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** avèk devan **Pòt-Pawòl** la pou tout sa ki rive nan sèvis Ministè Priyè PEEB, byen ou mal.
- **Atik 8.6.5** : Rèsponsablite Delege yo : reprezante Ministè Priyè a nan rankont avèk lòt moun, Biwo, Ministè, oubyen enstitisyon – bay Sipèvizè imedyat la rapò sou rankont sa yo – egzekite lòd PPP a nan jiridiksyon li repwezante a – kolèksyone tout problèm jiridiksyon an ap konfwonte e rapòte yo a Sipèvizè imedyat la – aplike desizyon ak disiplin PPP a nan jiridiksyon an – volontèman pote rèsponsablite e aksèpte tout blam devan **Bondye** ak devan **Pòt-Pawòl** la pou tout sa ki rive nan Jiridiksyon rèspektiv chak delege, byen ou mal.
- **Atik 8.6.6** : pou yon kretyen vin manb Ministè Priyè PEEB a, l’ap bezwen ap mennen yon vi kretyèn egzanplè. Li ka jwenn nominasyon li anvan li patisipe nan Kan-LABIB men l’ap bezwen gen yon patisipasyon aktif nan Kan-LABIB ki vle di ke li pa dwe rate 3 Kan-LABIB yonn aprè lòt pou li rete manb Ministè sa.
 - **Atik 8.6.6.1** : sèlman nan yon ka ijans oubyen nan yon sitiyoasyon enprevi ke yon manb Ministè sa ka rate 3 ou plis Kan-LABIB yonn aprè lòt e rete manb Ministè sa. Pòt-Pawòl la dwe rapòte sa a Koòdinasyon Jeneral la ki va detèmine finalman si yon ka te ijan oubyen si yon sitiyoasyon te enprevi selon diskresyon li.
- **Atik 8.7** : Manb chak Biwo oubyen Ministè ka gen yon adjwen ke KJ la nome pou li oubyen ke li ka chwazi li menm e apwouve pa Koòdinasyon Jeneral la si okipasyon li t’a vin mande sa. Itilize yon fòm **F0013** pou pwopozisyon tout nominasyon.

- **Atik 8.7.1** : Otorite adjwen sa aktive otomatikman chak fwa manb prensipal la pa disponib. Otorite adjwen yo limite a ranpli « *fonksyon kouran* » manb prensipal la sèlman. Otorite sa ap dezaktive otomatikman tou lè manb prensipal la retounen disponib.
 - **Atik 8.7.1.1** : fonksyon kouran yo enkli disiplin, lidèchip, ranpli rèsponsablite jounalye yo, epi an fòsman tout desizyon manb prensipal la te deja ofisyalize. Adjwen yo pa gen otorite pou lanse nouvo projè, nouvo aktivite, oubyen pran nouvo desizyon.
- **Atik 8.7.2** : KJ la ka nome delege pou chak Biwo/Ministè oubyen chak Dirèktè/Pòt-Pawòl gen otorite pou chwazi yonn ou plizyè delege selon nesesite ki va genyen pou sa. Delege yo tou ap bezwen aprouve pa Koòdinasyon Jeneral la. Itilize yon fòm **F0013** pou pwopozisyon tout nominasyon.
 - **Atik 8.7.2.1** : Yon delege se repwezantan yon Dirèktè oubyen yon Pòt-Pawòl nan tout zòn kote PEEB deja etabli. Otorite yon delege limite a egzekisyon lòd Dirèktè oubyen Pòt-Pawòl li an nan limit e kontèks ke lòd sa te bay la. Delege yo pa gen otorite pou pran okenn desizyon pou kont yo eksèpte nan yon ka ijans. “**Ka ijans**”, nan sans sa, limite a yon sitiyasyon ki riske mete lavi moun andanje oubyen lakòz domaj fizik pou kò moun oubyen pou materyèl ki vo plis ke 10.000 HTG si yon korèksyon pa pote **imedyatman**. Delege sa tou pwal bezwen prouve ke demanch te fèt pou kontakte Dirèktè oubyen Pòt-Pawòl ki anchaj la pou desizyon li men san siksè. Sinon, desizyon delege sa ap kalifye pou yon ensibòdinasyon.
 - **Atik 8.7.2.1.1** : desizyon Koòdinasyon Jeneral la sou ensibòdinasyon ka ale de yon senp blam jiska dèstitisyon manb Administrasyon sa depan de gravite sitiyasyon an oubyen abitud manb sa konsènan ensibòdinasyon.
- **Atik 8.8** : Dirèktè chak Biwo oubyen Pòt-Pawòl chak Ministè gen otorite pou soti yon modòd administratif (MAD) ki adrese òganizasyon Biwo sa oubyen Ministè sa avèk plis detay e presizyon selon jan yo va wè nesesite pou sa. Byenke sa pa obligatwa, men rigè disiplin yon Dirèktè oubyen yon

- Pòt-Pawòl ap genyen plis pwa devan Koòdinasyon Jeneral la si te deja genyen yon MAD klè ki etabli pou manb Biwo oubyen Ministè sa.
- **Atik 8.8.1** : Yon MAD volontè pou Biwo avèk Ministè yo men li obligatwa pou sèvis yo tankou Kizin, SAV, KAK, SPS, etc...
 - ***Atik 8.8.2** : Yon MAD ka pi sevè sou òganizasyon ak reyalizasyon yon aktivite ke RE lan, men li pa dwe janm mwens sevè.
 - ***Atik 8.8.3** : KJ la dwe toujou apwouve yon modòd administratif (MAD) anvan li rantre an aplikasyon.
 - **Atik 8.8.3.1**: si KJ a dezapwouve yon MAD, li dwe endike ki Atik nan Règleman Entèn lan ke MAD sa vyole yon fason pou ede Dirèktè a oubyen Pòt-pawòl la pote ajisteman.
- **Atik 8.9** : PEEB òganize yon kan fòmasyon bibliik ki rele **Kan-LABIB**. Chak Biwo ak chak Ministè gen rèsponsablite yo pou fasilite maksimòm reyisit tout avtivite nan kan sa.
- **Atik 8.9.1: rèsponsablite Koòdinasyon Jeneral la konsènan Kan-LABIB** : deside epi pibliye dat avèk andwa Kan-LABIB an konsiltasyon avèk rès Pano a. – Asire finansman kan an – Asire ke tout materyèl nesèsè yo disponib pou kan an – kreye orè dewoulman Kan an – koòdone, sipòte, epi entegre aktivite tout Biwo ak Ministè yo pou pèmèt yo kolabore nan menm objèktif – asire ke tout Biwo ak Ministè yo ap jwe wòl yo nan Kan-LABIB.
 - **Atik 8.9.2: rèsponsablite Biwo Administratif la konsènan Kan-LABIB** : enskri e motive disip yo pou Kan-LABIB – prepare ak soumèt bidjè kan an pou apwobasyon – detèmine, answit asire ke tout disip yo enfòme de jou ak lè depasman an avèk tout bagay k’ap nesèsè pou yo pote – asire disiplin ak prezide sou tout konpòtman avèk tout desizyon diran tout vwayaj (Ale & Retou) – lè yo rive nan lye kan an pwal fèt la, prezide sou fason y’ap etabli e konpòte nan lokal la – planifye e òganize tout rankont diran kan an – rèsponsablite pou jere tout dispit ki leve nan mitan kan an – anfòse tout **disiplin** PEEB anvè disip, staf, ak manb Administrasyon an epi asire ke tout vyolatè pini selon règleman ki etabli yo (*asistans lòt Dirèktè/Pòt-Pawòl yo nesèsè nan sans sa men DAD la gen premye rèsponsablite a*) – resevwa, sèvi, ak dirije tout vizitè Kan-LABIB – jere e siveye disip yo nan lakou a pandan yo pa nan klas – rèsponsablite pou jere timoun yo lè yo pa nan klas – antann avèk Koòdinasyon Jeneral la pou tout

depans administratif – prepare ak soumèt rapò kan an pou apwobasyon – avèk tout lòt bagay ki pa mansyone men ki ale nan menm liy sa tou.

- **Atik 8.9.3: rèponsablite Biwo Lojistik la konsènan Kan-LABIB** : asire ke manje kan an, materyèl yo, avèk tout ekipman pou fòmasyon yo aranje oubyen disponib – asire ke tout machin pou transpò yo aranje oubyen disponib (pou Ale & Retou) – asire ke manje avèk brevaj diran transpòtasyon ki long yo disponib e òganize – rèponsablite pou asire èspas ak mwayen pou moun yo dòmi – rèponsablite pou tout deplasman nan kad lojitik (*tankou ale nan mache, ale Planifye machin, achte materyèl, etc.*) anvan ak diran kan an – rèponsablite ak dispozisyon pou jere tout materyèl ak ekipman PEEB posede yo diran Kan an – rèponsablite pou asire ke tout materyèl klas yo ak lòt materyèl nou pwal bezwen yo disponib – òganize lave ak pase diran kan an – rèponsablite pou òganize foto/videyo diran klas yo epi nan tout lòt aktivite yo tou – rèponsablite sèvis manje ak staf kizin nan – rèponsablite pou asire dlo avèk lòt bezwen diran kan an – asire klas timoun yo gen tout materyèl yo pwal bezwen yo – pran nòt ak ekri rapò sou tout sa ki kraze oubyen pèdi ak kondisyon ki lakòz sa rive pou desizyon nan avni – antann ak KJ la pou tout depans lojistik – avèk tout lòt bagay ki pa mansyone men ki ale nan menm liy sa tou.
- **Atik 8.9.4: rèponsablite Biwo Akademik la konsènan Kan-LABIB** : rèponsablite pou asire ke tout dokiman aranje e disponib pou klas yo – asire ke tout sètifika, prim, oubyen kado ki pwal remèt yo aranje e disponib – drese e sipèvize program pou klas timoun yo – òganize e rèponsab disiplin nan klas yo – rèponsablite pou tout seyans revizyon e ratrapaj ki nesèsè pou siksè kan an – asire ke disip yo etidye e fè devwa yo lè yo pa nan klas – prepare e òganize tout seyans pwatik yo – òganize e jere disiplin diran tout moman egzamen yo – prepare kanè pou klas yo – prepare tout rapò akademik yo – planifye, òganize, e administre gradiyasyon an – fè suivi ak Biwo Lojistik la pou piblikasyon fòmasyon an nan 3 rezo sosyal PEEB yo : sit entènèt lan, facebook, avèk youtube – sipòte akademikman group elèv yo ki sou Whatsapp oubyen lòt medya sosyal yo – asire ke sal klas yo toujou prè pou klas yo – antann ak Koòdonatè Jeneral la pou tout depans

akademik – avèk tout lòt bagay ki pa mansyone men ki ale nan menm liy sa tou.

- **Atik 8.9.5 :** rèponsablite Ministè Ansèyman an konsènan Kan-LABIB : rechèche, planifye, epi ekri tout liv ansèyman ak konferans ki pwal prezante diran kan an – rechèche epi alwe yon fim kretyen a chak klas – kreye tout devwa, egzamen, ak tè s yo – idantifye ak enfòmasyon anseyan pou chak klas, konferansye pou chak konferans, ak predikatè pou chak sèvis – òganize tout konferans ke PEEB ap prezante diran kan an – korije tout devwa, egzamen, ak tè s yo – reponn tout kèsyon teyolojik ki poze diran kan an – avèk tout lòt bagay ki pa mansyone men ki ale nan menm liy sa tou.
- **Atik 8.9.6 :** rèponsablite Ministè Priyè a konsènan Kan-LABIB : planifye, òganize, ak reyalize tout sèvis priyè nan kan an an konsiltasyon avèk lidè asanble kote nou fè ladesann lan – idantifye dirijan ak predikatè pou tout sèvis yo – kreye ak pibliye orè tout sèvis yo – antreprann priyè sanzatann chak fwa gen yon èspas vid ki apwopriye pou sa – antann ak Koòdonatè Jeneral la pou tout depans pou sèvis priyè yo – avèk tout lòt bagay ki pa mansyone men ki ale nan menm liy sa tou.
- **Atik 8.10 :** *[Fasilitasyon Rankont ak Planifikasyon yo]* PEEB se yon òganizasyon entènasyonal e manb Administrasyon li an entènasyonal tou. Pou rezon sa, genyen 2 metòd Koòdinasyon Jeneral la aprouve pou tout kominikasyon nan PEEB : an pèsòn lè tout manb Administrasyon an nan yon menm andwa oubyen sou entènèt a travè rezo medya sosyal yo tankou whatsapp, facebook, etc.
 - **Atik 8.10.1 :** *[Inyore moun pa ladann]* Tout manb Administrasyon PEEB gen OBLIGASYON pou siveye tout konvèsasyon, li tout mesaj tèks, e pase tout mesaj vokal ki pòste nan tout group anliy ki konsène yo yon fason pou verifye si mesaj la adrese a yo ou pa.
 - **^Atik 8.10.1.1 :** Lè yon mesaj adrese a yon manb Pano Dirèktè a oubyen yon manb Administrasyon an, moun sa gen OBLIGASYON pou reyaji a mesaj sa e reponn tout kèsyon ki poze a li nan mesaj la. Nenpòt moun ka toujou reyaji a yon mesaj ki pa te adrese a li depi li vle patisipe nan konvèsasyon an men sa pa obligatwa. Sepandan, li obligatwa pou ke tout moun mesaj la konsène yo reaji.

- **Atik 8.10.1.1.1** : Koòdinasyon Jeneral la pa dikte kisa reyaksyon oubyen repons lan dwe ye ; sa vle di ke si repons lan ap **wi, non**, oubyen **tann**, depann de chak manb, sitiyasyon ki devan li an, avèk konsyans li. Chak manb dwe toujou santi li lib pou reponn selon konviksyon kè li, men prezante yon eleman repons rete OBLIGATWA.
- **Atik 8.10.1.2** : si yon moun pa ka reponn nan moman li wè mesaj ki monte a paske li anpeche nan lòt aktivite oubyen li gen problèm telefòn, chaj, siyal, etc., repons sa dwe premye bagay li pòste anvan menm li pale okenn lòt bagay sou group yo. Sa demontre ke li pa jis inyore mesaj la men li te anpeche.
 - **Atik 8.10.1.2.1** : si manb sa bezwen plis tan pou li panse a repons ke li vle bay la, li dwe pòste yon delè sou group la a moun ki te poze kèsyon an pou di ki lè li panse l'ap ka bay repons pa li sou kèsyon an. Nan ka sa, li ka antreprann lòt konvèsasyon diran delè li te bay la. Koòdonatè a oubyen okenn Dirèktè oubyen Pòt-Pawòl pa dwe angaje konvèsasyon anliy avèk okenn manb Pano a oubyen Administrasyon an ki gen kèsyon oubyen demand anliy ke yo pa adrese. Si moun ki konsène yo vle fè konvèsasyon an prive pito, yo **dwe** mansyone sa. Konsa, kominikasyon alakoutime yo ka rekòmanse ak moun sa.
 - **Atik 8.10.1.2.2** : Si manb Pano ki te pwopoze privatizasyon konvèsasyon an pa janm fè swivi vre, lòt manb ki konsène a oblije rapòte sa a KJ la pou desizyon. Si se KJ la menm ki an vyolasyon an, **Atik 7.1.2.1** an dwe aplike apwè tout lòt demach pou mennen konplayans yo t'a va echwe.
- **Atik 8.10.1.3** : si yon mesaj jis mansyone non yon manb men li pa yon kèsyon oubyen yon demand, manb sa pa oblije reponn mesaj sa. Li ka chwazi reponn si li vle men li pa oblije paske se pa te ni yon kèsyon ni yon demand ki te fòmile a li a.
 - **Atik 8.10.1.3.1** : Si ou t'ap atann repons oubyen kòmantè sou yon bagay ou di nan yon mesaj men ou pa

jwenn, jis refòmile mesaj la sou fòm yon kèsyon oubyen ajoute yon demank klè pou garanti ou yon repons.

- **Atik 8.10.2** : konsidere nati entènasyonal PEEB genyen an e misyon presan ke li resevwa de Bondye a, sa retade avansman projè a epi li afèkte moral rès manb ki motive pou travay la yo lè yon manb Pano a oubyen Administrasyon an jis inyore kominikasyon ki konsène li yo. Kidonk pou minimize fwistrasyon, KJ la entèdi pèsonn inyore pèsonn nan PEEB! Si ou pa dakò ak yon bagay yon moun di ou, di moun nan sa klèman, men sa pa pèmi pou ou jis inyore li.
 - **^Atik 8.10.2.1** : [Lib abit] paske travay Bondye se konplètman lib e volontè a, epitou, pou evite afèkte moral lòt manb Administrasyon an ki byen dispoze yo, KJ la mande yon manb demisyone pito olye li t'a deside inyore kominikasyon ki adrese a li yo ke an pèsonn oubyen anliy. Asireman, si se yon konplenn oubyen yon revandikasyon manb sa genyen, Administrasyon an dwe adrese sa anvan bagay la rive nan pwèn sa.
- **^Atik 8.11** : [Konpansasyon Manb Administrasyon nan PEEB] Manb Administrasyon PEEB pa dwe janm salarye pou evite imaj mèsenè a ki pa apwopriye pou yon moun ki nan domèn preche levanjil. (Levitik 22 : 10 / Lik 15 : 19 / Jan 10 : 12-13) Sepandan, nan fen chak ane fiskal, Koòdinasyon Jeneral la dwe distribye pwopòsyonèlman (*selon rèsponsablite chak manb te asire a*) 50% nan balans kont bankè prensipal PEEB a ant Manb Administrasyon an sou fòm bonis. (1 Timote 5 : 18)
- **Atik 8.12** : PEEB genyen yon yerachi oubyen yon chenn kòmand ki ale de 1 a 6 pou endike otorite chak manb Administrasyon an. Depi nimero 1 pou rive nan 5 se manb Administrasyon an. Nimero 6 se disip yo. Yerachi sa idantifye nan PEEB a avèk chif romen.
 - I. **Koòdonatè Jeneral** la
 - II. **Dirèktè avèk Pòt-Pawòl** yo
 - III. Tout moun ki **rèsponsab** yon fonksyon oubyen yon sèvis ak **Delege Nasyonal** yo tou
 - IV. Tout moun ki **patisipan** nan yon fonksyon oubyen yon sèvis ak **Delege Depatmantal** yo tou
 - V. **Delege Kominal** yo
 - VI. Tout **Disip** yo

Administrasyon an. Si pechè a toujou pa vle pran konsyans, admèt tò li, e promès chanjman, lè sa a atò moun sa ap dèstitiye.

- **Atik 9.1.2** : Yon moun ki dèstitiye akòz yon peche l'ap pwatike p'ap ka sèvi projè a ou asosye avèk projè a ankò. Eksèpte si moun sa pran konsyans, korije sitiyasyon an, epi ekri yon lèt èkskiz pou li voye yon kopi nan chak Biwo avèk Ministè kote ke li promèt pou li pa fè bagay konsa ankò. Se lè sa moun sa ap elijib pou li ka travay nan projè a ou asosye avèk projè a pou tèt li oubyen anba yon lòt enstitisyon.
- **Atik 9.2** : Si nou trouve ke yon moun te entansyonèlman bay manti nan rapò, nan ranpli fòm oubyen nan yon ankèt, moun sa ap bezwen ekri yon lèt èkskiz e voye yon kopi nan chak Biwo ak Ministè yo pou li devwale ki manti li bay, pouki li te bay manti a, e pwomès ke li p'ap fè sa ankò. Sinon, moun sa ap dèstitiye.
- **Atik 9.3** : peche yon moun te komèt anvan PEEB e ki deja korije pa bezwen devwale ni nan fòmilè enskripsyon an, ni nan okenn enterview.
 - **Atik 9.3.1** : Peche ki te kòmanse anvan yon moun rejwenn PEEB e ki toujou egziste (menm si prosès korèksyon an kòmanse deja men li jis pòko fini) nan moman moun nan ap entegre nan Administrasyon PEEB a bezwen devwale swa nan fòm enskripsyon an oubyen nan enterview avèk KJ la.
- **Atik 10** : Chak manb Administrasyon an gen dwa a 2 tip de rapò finansye; yon rapò anyèl ki detaye tout sa ki pase nan nivo finans pou ane a avèk yon rapò klarifikativ aprè chak evènman majè pou klarifye a manb Administrasyon an kijan evènman an afèkte finans projè a.
 - **Atik 10.1**: Rapò finansyè anyèl la obligatwa chak ane. L'ap èksplike tout antre avèk soti projè a nan ane li kouvwi a avèk tout ti detay yo.
 - **Atik 10.2**: Rapò finansyè klarifikativ yo pa obligatwa. Yo dwe bay selon KJ a jije li nesèsè pou klarifye antre avèk depans ki fèt nan yon aktivite patikilye yon fason pou elimine dout lakay rès manb Administrasyon an.
- **Atik 11**: Tout manb PEEB dwe genyen kat ki idantifye li kòm manb PEEB a.
 - **Atik 11.1**: Fwè pou kat manb lan ap varye selon jan KJ wè sa nesèsè.
 - **Atik 11.2**: Tout manb PEEB dwe pote kat manb lan nan kòd badge PEEB a nan kou yo sèlman oubyen nan yon klip badge k'ap tache nan pòch chemiz, kòsaj, vès, ròb, oubyen mayo sou pwatrin gòch yo sèlman.

- **Atik 11.2.1:** Biwo Lojistik PEEB ap soti kòd badge ki ofisyèl la pou yon fwè ke KJ va detèmine. Okenn kòb badge ki pa ofisyèl pa dwe janm iilize.

- ▶ **Atik 12:** Nenpòt manb ki pran yon desizyon definitiv pou li pa obsève bib la oubyen nenpòt nan Atik RE lan ap jwenn yon tèminezon imedyat kòm manb nan PEEB. Sepandan, si se difikilte ki anpeche yon mand aplike yon atik nan Règleman Entèn sa, Administrasyon an dwe akomode moun sa nan fason ke li jije bon.

- ▶ **Atik 13:** Nenpòt manb ki te tèmine ka tounen manb PEEB ankò. Pa gen limit sou konbyen fwa yon moun ka retounen manb PEEB menm jan pa gen limit pou yon peche repete vin pa ka padone ankò. (*Matye 18 : 21*)
 - **Atik 13.1 :** Yon manb ki tèmine premye fwa e ki eksprime dezi pou retounen manb PEEB ankò ap rete tann 1 an soti nan dat li te tèmine a pou li soumèt yon lèt èskiz a Administrasyon an. Aksyon sa ap garanti retou manb sa.
 - **Atik 13.2 :** Yon manb ki tèmine yon dezyèm fwa e ki eksprime dezi pou retounen manb PEEB ankò ap rete tann 2 zan soti nan dat li te tèmine dezyèm fwa a pou li soumèt yon lèt èskiz epi yon chita pale avèk administrasyon an anvan li ka retounen manb ankò.
 - **Atik 13.3 :** Yon manb ki tèmine yon twazyèm fwa e ki eksprime dezi pou retounen manb PEEB ankò ap rete tann 3 zan soti nan dat li te tèmine twazyèm fwa a pou li soumèt yon lèt èskiz epi pran yon fòmasyon sou « kreyante ak kalite lakay manb PEEB » anvan li ka retounen manb ankò.
 - **Atik 13.4 :** Sou katriyèm fwa a kontinye, **Atik 13.3** a ap repete. Epi, 1 an ap kontinye ajoute sou delè dènye fwa tèminezon an te rive a.

- ▶ **Atik 14 :** Nenpòt manb Pano PEEB a gen privilèj pou fè yon propozisyon a Koòdonatè Jeneral la pou li amande yonn ou plizyè Atik nan Règleman Entèn lan si manb lan twouve sa nesèsè pou progrè PEEB avèk pou avansman levanjil la.
 - **Atik 14.1 :** Manb sa ap bezwen ranpli fòm **F0003** a e voye yon kopi idantik nan chak Biwo ak Ministè yo. KJ la dwe konvoke yon asanble jeneral nan mwens ke 180 jou pou diskite propozisyon an epi mande manb yo pou yo vote sou li.
 - **Atik 14.1.1 :** Yon minimum de **80%** nan manb aktyèl Pano a bezwen pwezan pou rann yon vòt valid e yon minimum **70%** nan moun ki

pwezan yo dwe vote pozitif pou propozisyon an pase. Yon propozisyon ki pase pa vle di ke li aplikab imedyatman.

- **Atik 14.2** : Si propozisyon an pase, KJ a dwe efèktye chanjman sa nan Règleman Entèn lan epi Pano a dwe siyen nouvo Règleman Entèn lan nan 90 jou maksimòm de dat propozisyon an te pase a. Toutotan nouvo RE lan poko siyen, nouvo Atik ki apwouve yo poko rantre an aplikasyon.
- **Atik 14.3** : Si propozisyon an pa pase, chak manb Administrasyon an ki te vote negatif dwe ekri yon nòt nan fòm **F0003** a pou di egzavèkteman pouki rezon yo vote non. Manb ki te fè propozisyon an ap gen yon maksimòm de 365 jou pou li fè chanjman nan propozisyon an yon fason pou li ka genyen 70% vòt ki nesèsè pou propozisyon an pase a.
 - **Atik 14.3.1** : Si Manb sa chanje propozisyon an e voye yon nouvo kopi fòm **F0003** bay chak Biwo avèk Ministè yo ankò, KJ la dwe konvoke yon lòt asanble jeneral nan mwens ke 180 jou pou diskite nouvo fòm **F0003** an e vote sou li ankò. Si propozisyon an pase fwa sila, KJ a dwe aplike **Atik 14.2** a. Si propozisyon an pa pase toujou, Administrasyon an dwe aplike **Atik 14.3** a ankò. Manb sa ap gen yon dènye (3^e) opòtinite pou li fè chanjman e aplike **Atik 14.3.1** an ankò.
 - **Atik 14.3.2** : Si Manb sa aplike **Atik 14.3.1** an ankò pou yon 3^e ak dènye fwa e propozisyon an pase fwa sila, KJ a dwe aplike **Atik 14.2** a. Si propozisyon sa pa pase toujou, okenn manb nan Administrasyon an p'ap gen dwa fè menm propozisyon sa ankò pou yon peryòd de 3 zan soti nan dat dènye echèk propozisyon.
 - **Atik 14.3.3** : Si yon lòt manb nan Administrasyon an konvenk ke propozisyon an bon men li toujou echwe akòz otè pwensipal la manke ekri li byen, manb sa dwe jwenn yon sèl opòtinite pou li aplike **Atik 14.3.1** an ankò. Si propozisyon an pase fwa sila, KJ a dwe aplike **Atik 14.2** a. Si propozisyon an toujou pa pase, **Atik 14.3.2** la ap rantre an efè imedyatman.
- **Atik 14.4** : Si se KJ la menm ki deside amande RE lan, li ka evite pwosesis fòm **F0003** a pou li amande RE lan dirèkteman. Men, li dwe soumèt amandman an a rès manb Pano a pou kòmantè ak konsantman yo anvan li ofisyalize li.
 - **Atik 14.4.1** : KJ la dwe konsidere tout kòmantè yo epi fè chanjman ke li twouve rezonab yo. Tout manb Pano a dwe siyen amandman an aprè chanjman yo ke kòmantè manb sa te agreye ou pa.

men manb ki te poze aksyon an anvan li te ilegal nan PEEB a pa dwe jwenn okenn blam pou sa paske li pa te vyole okenn règ ki egziste. (Romen 5 : 13)

► *[^]**Atik 17** : Si aprè tout efò, Administrasyon an t'a konvenk ke PEEB rive nan yon pwen kote disolisyon li inevitab, Administrasyon an dwe asire ke tout bagay sa yo rive kòm yon dènye sèvis a PEEB anvan eliminasyon ofisyèl li : **sit entènèt la oblije fèmen - tout kont bankè dwe fèmen - tout sèvis ki te sou non PEEB dwe tèmine - tout lokal otomatikman rete pou asanble kretyen kote li lokalize a (si pa genyen, lokal sa dwe vann tou) - tout materyèl dwe vann nan « vant-ozanchè » e tout rèl lajan an, san retire yon santim, dwe separe bay pòv aprè tout dèt PEEB fin peye – tout endividi oubyen enstitisyon ki te dwe PEEB ap otomatikman libere de dèt sa si yo pa ka peye anvan dat Administrasyon an vize pou disolisyon ofisyèl la.** Aprè Administrasyon an fin rankontre pou yon dènye fwa pou lapriyè e pou elimine PEEB ofisyèlman, non PEEB pa dwe janm itilize pa okenn manb Administrasyon an pou mennen okenn biznis oubyen aktivite ankò.

- **Atik 17.1** : « **sit entènèt la oblije fèmen** » vle di ke li pa dwe pase a okenn lòt enstitisyon oubyen endividi menm si se pou kòz levanjil. KJ la dwe bay lòd a Lidè Milti-Medya a pou inisye pwosesis pou fèmen sit entènèt la. Disolisyon PEEB pa ka ofisyèl pazavan sa tounen reyalyte.
- **Atik 17.2** : « **tout kont bankè dwe fèmen** » vle di ke disolisyon PEEB pa ka ofisyèl toutotan gen yon kont bank ki louvwi toujou sou non PEEB.
- **Atik 17.3** : « **tout sèvis ki te sou non PEEB dwe tèmine** » vle di ke PEEB pa dwe elimine pandan ke gen tranzaksyon k'ap mennen toujou sou non PEEB. Kès Asistans Kretyèn (KAK) nan avèk tout lòt sèvis yo dwe fèmen anvan disolisyon PEEB tounen reyalyte.
- **Atik 17.4** : « **tout lokal otomatikman rete pou legliz kote li lokalize a** » vle di ke PEEB antan yon enstitisyon kretyèn ki konstwi ak ofrann Kretyen yo dwe sede tout lokal li yo a asanble kretyèn kote yo chak lokalize a. Administrasyon an pa dwe chaje asanble sa yo okenn frè pou li kite lokal sa yo pou yo paske lokal yo te bati ak ofrann Kretyen menm. Si pa gen okenn asanble ki lokalize prè yon lokal, lokal sa dwe vann e lajan an dwe separe bay pòv yo aprè tout dèt PEEB te fè fin peye.
- [^]**Atik 17.5** : « **tout materyèl dwe vann nan « vantozechè » e tout lajan an dwe separe bay pòv** » vle di ke tout materyèl PEEB posede nan moman vantozechè a dwe disponib pou vann san yon pri

minimal. Sa dwe fèt konsa yon fason pou fasilite vant rapid materyèl sa yo. Separasyon tout lajan sa ak tout lajan ki te sou kanè yo bay pòv vle di ke lajan an pa dwe separe bay asanble yo oubyen benefisye okenn manb nan Administrasyon an dirèkteman ou endirèkteman. Manb Administrasyon an pa gen dwa pou achte nan vantozanchè sa nonplis. Li rezève sèlman pou tout kretyen (*kèlkeswa denominasyon an*) men ki pa nan Administrasyon PEEB.

- **Atik 17.6** : « **tout endividi oubyen enstitisyon ki te dwe PEEB ap libere de dèt sa si yo pa ka peye anvan dat Administrasyon an vize pou disolisyon an** » vle di ke Administrasyon an dwe fè tout efò pou kolèkte tout dèt yo amikalman men san li pa mete moun sa yo okouran de **Atik 17** la. Sepandan, si se tout bon moun ki dwe yo pa ka peye anvan jou ki fikse pou disolisyon an, Administrasyon an dwe fè moun sa yo konnen ke dèt la elimine pou evite ke okenn manb Administrasyon an eseye kolèkte dèt yo aprè disolisyon PEEB. Sa t'ap yon foub devan Bondye, yon diskredi sou do kretyen sa, e yon blasfèm pou levanjil.

- **Atik 18** : PEEB rekonèt 2 tip de dire de egzistans pou dokiman li yo ; yon group dokiman konsidere tanporè e yon lòt group dokiman konsidere pèmanan. KJ la gen otorite final nan detèminasyon dire egzistans tout dokiman. Sepandan, dokiman tankou RE sa, MAD yo, liv Kan-LABIB yo, avèk lòt dokiman ki gen nati similè dwe konsidere kòm pèmanan pandan ke dokiman tankou memo, resi, lèt, orè, avèk lòt dokiman ki gen nati similè dwe konsidere kòm tanporè.
 - **Atik 18.1** : tout dokiman ki sèvi nan PEEB dwe konsève pou toujou si li gen nati pèmanan oubyen gen yon èkspèktasyon de egzistans de 15 lane pou pi piti si li gen nati tanporè.
 - **Atik 18.1.1** : tout Biwo/Ministè dwe founi tout dokiman pèmanan oubyen tout dokiman tanporè ki date 5 lane oubyen mwens a manb Administrasyon an, staf, disip, lòt kolaboratè PEEB, oubyen leta peyi a menm lè yo fè demand pou yo.
 - **Atik 18.2** : tout Biwo ak Ministè gen rèsponsablite pou jere ak konsève tout dokiman ki itilize nan sèvis Biwo/Ministè sa pou yon dire 5 lane de dat dokiman an te rantre nan Biwo/Ministè a. Aprè 5 lane a ekoule, yo dwe renmèt Biwo Koòdinasyon an dokiman sa pou konsèvasyon nan achiv pou 10 lane adisyonèl. Pèsonn pa gen dwa pou mande yon dokiman tanporè ki date plis ke 15 lane.

Anèks

Akwonim ki apwouve nan Administrasyon PEEB

KJ : Koòdonatè Jeneral oubyen Koòdinasyon Jeneral
DAD : Dirèktè Administratif
BAD : Biwo Administratif
DAK : Dirèktè Akademik
BAK : Biwo Akademik
DL : Dirèktè Lojistik
BL : Biwo Lojistik
PPA: Pòt-Pawòl Ministè Ansèyman
MA: Ministè Ansèyman
PPP: Pòt-Pawòl Ministè Priyè
MP: Ministè Priyè
RE : Règleman Entèn
MAD : Modòd Administratif
KAK : Kès Asistans Kreyen
SAV : Sèvis Acha & Vant
DPS : Dispansè Premye Swen
SADME : Sèvis Asistans Don, Ministè, ak Evanjelizasyon.
DN : Delege Nasyonal
DD : Delege Depatmantal (Enkli Delege Provensyal)
DK : Delege Kominal

Definisyon :

- **Pano PEEB (12 manb maksimòm)** : Rèsponsab chak Biwo ak Ministè nan PEEB asiste de Adjwen yo.
- **Administrasyon PEEB** : Ansanm manb tout Biwo ak konsèy Ministè yo. Li diferan de Biwo Administratif la ki se yon sèl Biwo pou kont li.
- **Staf** : tout kreyen ki ap ofwi yon sèvis pèmanan a PEEB san ke yo pa manb Administrasyon an.

- **Asanble jeneral PEEB** : Administrasyon an + staff + Disip + Zanmi PEEB yo
- **Manb PEEB** : Tout manb Administrasyon an, staf, ak disip yo. Tout kretyen ki genyen kat idantite PEEB a.
- **Disip PEEB** : tout kretyen k'ap patisipe nan seri etid ke PEEB ofwi a travè Kan-LABIB la.
- **Zanmi PEEB** : Tout kretyen an Jeneral ki dakò kolabore avèk PEEB.
- **Sèvis/Program** : Tout bagay PEEB fè pou yon moun oubyen yon enstitisyon san li pa bezwen èd moun sa oubyen entitisyon sa pou rann bagay sa posib.
- **Aktivite** : Tout bagay PEEB mete sou pye ki disponib pou tout kretyen vin patisipe tankou, kwazad, konsè, konkou, etc.
- **Kolaborasyon** (*nati tanporè*) : Tout bagay PEEB ap reyalize avèk èd yon moun oubyen èd yon lòt enstitisyon.
- **Afilyasyon** (*nati pèmanan*) : Lè PEEB antann li avèk yon moun oubyen yon lòt enstitisyon pou nou fè wout ansanm.
- **Jiridiksyon** : Yon èspas jeyografik ki anba rèsponsablite yon delege.
- **Ensibòdinasyon** : tout aksyon ki poze entansyonèlman pou derèspèkte otorite yon moun ki plase sou tèt yon lòt selon yerachi Administrasyon PEEB a. Tout mank rekonesans, mank imilite, oubyen mank obeyisans a otorite yon moun ki plase sou tèt ou.
- « **dwe toujou** » oubyen « **pa dwe janm** » : prezans eksprèsyon sa yo nan yon Atik endike ke lide Atik sa fondamantal pou entegrite PEEB selon vizyon ke Bondye te bay premye KJ la. Kidonk, okenn KJ ki monte sou tèt PEEB pa gen dwa modifiye **lide** Atik sa oubyen elimine li toutotan PEEB egziste. Nenpòt KJ ki chanje oubyen elimine yon Atik ki genyen èkspresyon sa yo koupab kont *esans* egzistans PEEB menm. Kidonk, PEEB orijinal la otomAtikman sispann egziste jou sa a menm e yon nouvo enstitisyon tou kreye menm si li toujou pote non PEEB a. Vrè PEEB orijinal la pa egziste ankò.
- Yon asterik wouj (*) endike Atik ki pèmanan yo, sa vle di Atik ki pa dwe janm modifiye oubyen elimine nan RE lan.
- Yon aksan sikonflèks ble (^) endike Atik ki mache avèk yon nòt pou èksplike li davantaj oubyen jistifye desizyon ki mennen li an.

- **Fonksyon kouran** : tout aktivite regilye oubyen jounalye ki deja etabli pou yon manb fè pou pèmèt pòs li rèsponsab la ranpli rèsponsablite li.
- **Veto** : dwa KJ la sèlman genyen pou refize kategorikman yon amandman RE lan san li pa jwenn chans rive nan diskisyon ak vòt.

Nòt èksplikasyon atik yo:

(Atik 2.4.2) Mezi sa vize evite ke PEEB tounen yon biznis k'ap fè mache nwa. 10% benefis rezonab.

(Atik 7.1 / 7.1.1.1) se yon nominasyon e non yon elèksyon. Kidonk, pa dwe gen 2 ou plis Kandida fas-a-fas nan moman an men Pano a dwe fokis sou yon grenn kandida a sèlman. Mezi sa nesese pou pèmèt ke Pano a rete fokis sou karaktè èspiryèl, moral, ak sosyal lakay kandida a olye de jis ap konpare li avèk lòt kandida a/yo pou twouve kiyès ki gen mwens defo. Nou oblije egziye plis de yon moun ki pwal antèt konpare a moun k'ap jis segondè yo. Kandida a dwe prezante vizyon li pou PEEB anba kouvèti RE sa. Answit, Pano a ap pase a faz konfimasyon an. Si kandida a pa jwenn sipò tout rès manm Pano a, Pano a ap klotire rankont lan e retounen nan lapriyè pou Bondye ede nou idantifye moun li vle a. Pano a ap reprann menm proses la lè li idantifye yon lòt kadida pou pòs sa.

(Atik 8.1.5.1) Rezon ke pozisyon Koòdonatè Jeneral la pa dwe janm nan elèksyon se pou evite ke li pa ap mennen PEEB selon èstrateji k'ap pèmèt li jwenn vòt lè moman elèksyon tounen ankò. KJ a dwe toujou santi li lib nan desizyon ke l'ap pran yo konesan ke li p'ap bezwen vòt pèsonn pi devan pou pèmèt li rete nan pozisyon an. Konsa, KJ a ap toujou ka pran desizyon selon bib la e selon sa Bondye va mete sou kè li pou li fè olye de ap pran desizyon jis pou satisfè sa rès manb administrasyon an mande yon fason pou yo ka vote pou li pi devan.

(Atik 8.1.5.2.1) Mezi sa vize evite ke nou pran sipriz kote yon anseyan oubyen yon predikatè ap preche yon dòtrin ki kontrè a bib la e a dòktrin PEEB jis paske nou pa te verifye dòktrin moun sa anvan nou bay li mikro nan PEEB oubyen nan non PEEB.

(Atik 8.1.5.3.1) Tout moun ki rate 2 Kan-LABIB yonn aprè lòt toujou konsidere kòm aktif Kan-LABIB. Men, yon moun ki rate 3 Kan-LABIB yonn aprè lòt pa konsidere kòm manb aktif ankò.

(Atik 8.10.1.1) Mezi sa vize demontre rèspè yonn genyen pou lòt selon obligasyon Kris la fè nou menm ki disp li.

(Atik 8.10.2.1) Nou konprann trè byen ke demisyone nan Administrasyon PEEB pa ekivalan a demisyone nan Sali a. Kidonk, moun sa ka toujou rete zanmi PEEB, e nou ap toujou trè kontan chèche kolaborasyon moun sa lè nou gen bezwen pou li. « *Demisyon nan ka sa jis vle di ke moun sa admèt ke li pa dispoze ase pou reponn a egzijans misyon PEEB a.* » Kidonk, li libere èspas la pou yon lòt moun ki pi disponib ka fè travay la.

(Atik 8.11) Mezi ak fòmalitye sa vize pou pèmèt ke PEEB pran swen moun k'ap sèvi misyon an san li pa transfòme yo an mèsenè pou sa.

(Atik 8.13) Sa pa aksèptab pou yon Dirèktè oubyen Pòt-Pawòl di : « *M'ap prezante èkskiz paske Sekretè a oubyen Kontab la pa te prepare sèvis sa alè* » men yon Dirèktè oubyen Pòt-Pawòl dwe toujou di : « *M'ap prezante èkskiz paske Biwo/Ministè a pa te prepare sèvis sa alè* » oubyen preferabman « *M'ap prezante èkskiz paske Mwen pa te prepare sèvis sa alè* ». Pratik sa ap ede nou plis devlope sans rèsponsablite pou Biwo/Ministè nou anchaj la.

(Atik 16.1) Atik sa vize evite ke Administrasyon an blame oubyen pini yon moun pandan ke moun sa pa te reyalize ke li t'ap fè yon bagay ke Administrasyon a pa apwouve.

(Atik 17) Mezi sa yo vize pwoteje entegrite ak repitasyon chak manb Administrasyon PEEB pandan ke y'ap evite ke pèsonn panse ke okenn manb nan Administrasyon an te gen enterè nan disolisyon PEEB.

(Atik 17.5) Atik sa vize evite ke diskredi tonbe sou do manb Administrasyon an si Bondye t'a deside akonpli misyon PEEB.



Aplikab imedyatman anba otorite Pano sa:

Mwen menm,, mwen deklare volonte avèk desizyon mwen devan Bondye e devan tout moun ki prezan jodi a pou mwen rèspekte Règleman Entèn sa e fè tout sa mwen kapab pou asire ke tout Atik ladann aplike alalèt.

Koòdonatè Jeneral

Mwen menm,, mwen deklare volonte avèk desizyon mwen devan Bondye e devan tout moun ki prezan jodi a pou mwen rèspekte Règleman Entèn sa e fè tout sa mwen kapab pou asire ke tout Atik ladann aplike alalèt.

Dirèktè Administratif

Mwen menm,, mwen deklare volonte avèk desizyon mwen devan Bondye e devan tout moun ki prezan jodi a pou mwen rèspekte Règleman Entèn sa e fè tout sa mwen kapab pou asire ke tout Atik ladann aplike alalèt.

Dirèktè Lojistik

Mwen menm,, mwen deklare volonte avèk desizyon mwen devan Bondye e devan tout moun ki prezan jodi a pou mwen rèspektè Règleman Entèn sa e fè tout sa mwen kapab pou asire ke tout Atik ladann aplike alalèt.

Dirèktè Akademik

Mwen menm,, mwen deklare volonte avèk desizyon mwen devan Bondye e devan tout moun ki prezan jodi a pou mwen rèspektè Règleman Entèn sa e fè tout sa mwen kapab pou asire ke tout Atik ladann aplike alalèt.

Pòt-Pawòl Ministè Ansèyman

Mwen menm,, mwen deklare volonte avèk desizyon mwen devan Bondye e devan tout moun ki prezan jodi a pou mwen rèspektè Règleman Entèn sa e fè tout sa mwen kapab pou asire ke tout Atik ladann aplike alalèt.

Pòt-Pawòl Ministè Priyè

Dat Siyati : _____

